


# Bon trètman : Istwa Saïd



Bon tretman se yon apwoch pou respè chak moun, bezwen yo, sa yo mande ak sa yo chwazi, ansanm ak sa yo pa vle. Li eksprime nan bay atansyon, bon atitid, jan ke ou ye e jan ke ou aji ki montre kolaborasyon, respè tout valè, kilti, kwayans, wout moun nan fè nan vi li epi dwa ak libète moun nan<sup>1</sup>



## Men ki prensip kap dirije bon tretman pou granmoun aje yo<sup>2</sup>

*Prensip sa yo aplike tou pou tout granmoun ki nan yon sitiyasyon ki fè ke yo vilnerab.*

1. Mete moun nan nan kè aksyon yo.
2. Ankouraje otodetèminasyon ak pouvwa pou granmoun aje yo aji, pou yo kapab pran kontwòl sou lavi yo, chwazi sa ki an amoni ak valè yo, abitud lavi yo, kilti yo, elatriye.
3. Respekte moun nan ak diyete pou li ka santi ke li konsidere e pou li la gen estim pwop tèt li.
4. Ankouraje enklizyon ak patisipasyon sosyal pou pote byenèt pou granmoun aje yo ki vlé soti nan izolasyon yo, epi kontribye nan sosyete a.
5. Fè anpil aksyon ak enteraksyon ki konbine konpetans (bon konesans) ak jijman (bon konpòtman).
6. Ofri sipò konsètè pou pran aksyon ki pi apwopriye pou chak dimansyon lavi granmoun aje a (egzanp : lojman, sante, manje, renmen ak lavi fanmil, elatriye) pandan yap respekte chwa moun sa yo.



Bon tretman se yon faktè pwoteksyon kont move tretman.

Si w panse wap sibi move tretman oswa si ou se yon temwen abi, kontakte liy asistans move tretman granmoun aje **1-888-489-2287**

Si ou santi ou ka pa an sekirite, kontakte 911.

1. Kad referans - Favoriser la bientraitance envers toute personne aînée dans tous les milieux et tous les contextes, section 1 page 3.
2. Kad referans - Favoriser la bientraitance envers toute personne aînée dans tous les milieux et tous les contextes, section 1, page 5.

Bédéiste: Sylvain Lavoie  
Coordonnatrice du projet: Louise Buzit  
Direction régionale de santé publique de Montréal, octobre 2024.